# КҮНХОЖА

# ЕЛ МЕНЕН

(*Таңламалы қосықлар топламы*)

„ҚАРАҚАЛПАКСТАН" БАСПАСЫ.
НӨКИС—1981-жыл.

www.ziyouz.com kutubxonasi

ҚҚ 1
К—96

**Күнхожа. Ел менен**
Таңламалы қосықлар топламы.
Нөкис: „Қарақалпақстан“, 1984—68 б.

Б а с п а ғ а т а я р л а ў ш ы л а р : **Айдар МУРТАЗАЕВ**
**Жалғас ХОШНИЯЗОВ**

К $\frac{4702250000-076}{M-357(04)-84}$ 17—84

© „Қарақалпақстан“ ба[illegible], [illegible]

© „Қарақалпақстан“ ба[illegible], [illegible]

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӨТМИШТИҢ ГҮЎАСЫ

XIX әсир-қарақалпақ классикалық әдебиятының тарийхына оғада көрнекли шайырларды әкелди. Олардың қосықларында халық тәғдири менен тутасып кеткен идеялар баслы орынға шықты. Ҳақыйқатында да бул дәўирде халқымыз социаллық теңсизликтиң шыдап болмас дәрежедеги зардапларын өз басларынан кеширип атыр еди.

„Ата журты Түркстан"нан Әмудәрьяның бойларына, Арал жағалаўларына пана излеп келген журт Хийўа ханлығының ҳүкими астында жасаўға мәжбүр болды. Мийнеткеш халықтың күн көриў аўҳалы бурынғыдан да бетер қыйынласты. Бала-шағаларын асыраў ушын, хан ҳәмелдарлары тәрепинен жыйналатуғын ҳәр түрли салықлардан қутылыў ушын көпшилик халық массасы киси есигинде жүриўге, неше жыллап басқа жақларға талап излеп кетиўге мәжбүр болды. Оның үстине адамлар арасындағы өз-ара қатнас теңсизлиги кем-кемнен күшейип барды.

Мине усындай турмыслық жағдайлар Күнхожа, Әжинияз, Бердақ, Өтеш, Омар қусаған классиклердиң шығармаларында өзлериниң поэтикалық сәўлелениўлерин тапты. Олар елдеги аўырманшылықты, өмир сүриўдиң қыйыншылығын өз басларынан өткерди. Сонлықтан олардың дөретпелери халқымыздың XIX әсирдеги жүрек соғысын бизге жеткерип береди.

Булардың ишинде Күнхожаның шығармалары айрықша әҳмийетке ийе. Себеби ол халқымыздың жаңа қоныс басқан мәканында классикалық әдебиятымызды екинши бир дәўир менен тутастырыўшы, ханлық дүзимдеги ҳәр қыйлы теңсизликлерди халық массасы тәрепинде турып көрсетип бериўши биринши шайыр



www.ziyouz.com kutubxonasi

сыпатында танылды. Сонлықтан оны әдебиятшыларымыздың қарақалпақ классик шайырларының устазы деп атаўы жүдә орынлы. Ол ҳақыйқатлықтың жыршысы. Халықтыңеңсесине түскен аўырманшылыққа оның да бели қайысты.

Халықтың көз жаслары оның да жүрегин тырнады. Бәлким усындай патриотлық рух Күнхожаға шайырлық ат әперген шығар. Усындай ең жоқарғы дәрежели жаны ашырлық қәсийет Күнхожа шығармаларында барқ урғаны ушында оны халық өз жүреклериниң төринде сақлаған.

Демек Күнхожа шығармалары XIX әсирдеги қарақалпақ халқының турмыс картиналарынан қуралған. Оның қосықлары тутасы менен қарақалпақ халқының күн кешириў мүмкиншиликлериниң дерлик барлық тәрепин өз ишине қамтыған. Мәселен: „Шопанлар“ қосығында қой изинде жүрген шопанлардың аўыр аўҳалын, кийимлериниң әбигерлигин жүдә тәсирли деталлар менен айта келип:

Жетим қалып шарға болған бойлары,
Артық ҳәммелерден ақыл-ойлары
Қайысып бақканы байдың қойлары.
Бир ылаққа үш жыл жүрген шопанлар.

дейди. Әлбетте бул манда Күнхожа шопанлардың басқалардан кем емес екенлигин айта отырып, адам мийнетиниң қаншама дәрежеде қәдирсиз екенлигин көрсетпекши болған. Қанша қыйылып мийнет етсеңде бундай азаптан қутылыў қыйын екенлигин сыпатлап берген. Сондай ақ „Орақшылар“ қосығыда жапакеш халықтың жырын жырлайтуғын Күнхожаның ең жақсы қосықларының бири.

Бунда шайыр бала-шағаларына напақа табыў ушын орақшылықты талап етип жүрген адамлар туўралы, олардың жағдайларын толғана жырлаўы, рухый портретин анық сәўлелендиреди, „Ийнинде күнлик шапаны, пахалға тырналып саны“... „Беллери төмен бүгилип... Көзинен жасы төгилип, өскен жерине жете алмай, Аскар қумлардан өтеалмай “деген образлы қатарлар, арқалы күнликшиликтиң ақыбетин анық бояўлар менен береди.

Күнхожа балықшылар турмысы туўралы да қосықлар жазған, солардан „Сазан аў“, „Өлген балық“ т. б.,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул косыкта да турмыс аўырманшылығының тағы бир гулғасы сәўлеленеди. Бизиң халқымыз әўел бастан мал шарўашылығы, дийханшылық, сондай ақ теңиз дәрья жағалаўларында балық аўлаў менен шуғылланған.

Күнхожаның қосықларында буидай деталлардың сәўлелениўи тәбийғый. Себеби хан-ың зулымлықларына тезбеген шайырдың ҳақыйқатлықты айтыўдан баска илажы жок еди. Ол кай жерде не көрседе (усындай адамлардың), (пукаралардың) мийнеткеш халықтың аўҳалының жүдә төменлигине дуўшакер бола берди.

Сонлықтан оның шайырлық ҳүжданы бундай зомбылықларды бүгип кала алмады Рухый езилиўшилик идеясының басымы өзи ҳаққында жазған қосықларында көплеп ушырасады. Оның жеке қайғысы улыўма халық кайгысы менен ушласып кетеди. Мәселен „жарымадым“ қосығындағы шайырдың айтқан сөзлери өзине қусаған мыңлаған адамлардың көкирегиндеги айтажақ сөзлери, ямаса усы қосық пенен идеялас „Не болдым“ қосығын алып қарайық. Бул қосықта да тийкарғы айтылажақ пикир, басқалардың зорлық зомбылықлары себепли бул дүньяға шыққанына пушайман етиў, түңилиў, анығырағы өз өткен өмирине шолыў жасаў аркалы өз заманласларының ҳәр бирине тийисли ҳақыйқатлықтың бетин ашыў. Заман көринисиниң натураллық тулғасын бериў.

Күнхожа бундай налыныў идеясын „Әрманда“ қосығында еледе тереңлестиреди.

> Ойласаң жигитлер дүнья аз емес,
> Мөҳминлерге аян берер саз емес
> Мен жазылып жүрер жерим жаз емес
> Соның ушын өмирим өтти әрманда.

Мине ол өз дәўириниң социаллық аўҳалын усындай образлы қатарлар аркалы белгилейди. Әлбетте бул Күнхожаның заманға болған көз қарасының бир ғана поэтикалық сыпаты. Ал бундай катарларды оның ҳәр бир косығынан ушыратыўға болады.

Деген менен шайыр творчествосының идеясында усындай мотивлер бар. Әлбетте бундай гуманистлик идеялар классикалық поэзиямыздың тийкарғыларынан бири. Оны революцияға шекемги ҳәр бир шайырда ушыратыўға болады. Бирақ бул көбирек Күнхожаның шығармалары ушын характерли. Себеби Күнхожа ата-



www.ziyouz.com kutubxonasi

бабаларымыз Түркстаннан көшип келгеннен кейинги ел басына түскен ҳәр қыйлы қыйыншылықларды өз көзи менен көрип, өз басынан өткерген шайыр. Сонлықтан ол прогрессив идеядағы шайыр сыпатында қосықларында билдирди. Шайыр шығармаларында келешекке оғада оптимистлик көз карасларды туўдыра алды. Ол мудамы туўған жерге муҳаббат оятты, шайыр бәрқулла мийнеткеш халық тәрепинде гурды оны сүйиўди жырлады. Күнхожа өз заманының прогрессив адамы. Себеби ҳақыйқатлықты айтыў, халықты сорып атырған хан ҳәм оның ҳәмелдарларына наразылық көз бенен қараў сол дәўир ушын үлкен ерлик еди.

Бир ғана мысал келтирейик: Күнхожа Хийўа ханының буйрығы менен көп шайырлардың бири болып Хийўаға барады. Хан бәргасында арнаўлы тапсырма бойынша ханды, ханлық дүзимди, хан ҳәмелдарларын мақтаў басланады. Хан алғысына мийасар болыўға дәмедар шайырлар бар ҳөнерин жумсап атырғанында, Күнхожа ҳақыйқатлықты айтады.

Бул сөзлер ханга жақпағаннан кейин шайырды хорлаў, масқаралаў мақсетинде, оған сый ретинде, өлимтик котыр түйе бергизеди.

„Умытпаспан“, Түйе екенсең“ қосықлары усылай пайда болған. Бул қосықларында Күнхожа Хийўаға барғандағы көрген дар ағашларын, өткир пышақлы жаллатларды, ханнан көрген азапларын бирме-бир баян етеди. Ханның берген түйесин тәриплеп:

Жаҳанның келген апаты,
Шахның берген бизге аты,
Хийўа ханның зыяпаты,
Жол кәрежет болармысаң?

Патшаның сенсең жас малы,
Усаған малга дусмалы.
Мәдемин ханның бас малы
Жети атаңлы билермисең? деп,

қайта хан әўладларының үстинен күледи. Шайырды масқараламақшы болған адамлардың өзлерин масқаралайды. Әлбетте бул анығында шайырдың зулымлықты, теңсизликти әжиўа етиўи еди.

Күнхожаның көпшилик қосықлары бойынша ҳақыйқат патриот шайыр есабында танылады. Шайыр „Жайлаўым“ қосығында мәкан еткен жерлерин тебиренип



www.ziyouz.com kutubxonasi

отырып тәриплейди. Ел қоныс басқан орынларды бирим-бирим айта келип, олардың мийнеткеш халықтың тиршилик етиўи ушын апзаллығын көрсетеди. Биз бул қосық арқалы заман қысыўметине болған жек көриўшиликти қанша сезинсек, шайырдың туўған жерине болған муҳаббатының тереңлигинде сонша түсинемиз.

Шайырдың „Ел менен" қосығы философиялық жуўмаққа қурылған. Шайыр елди, халықты орайлық фигура етип алады да, басқаларын соған байланыстырады, ел менен ойласықта исленген истиң ҳеш қашан шийки болмайтуғынын баян етеди.

Күнхожа шығармаларында халықтың этнографиялық турмыс өзгешеликлери сүўретленген. Мысалы: „Қобыз", „Арба", „Сазан аў" т. б. қосықлар халқымыздың өтмиштеги пайдаланған мәдений ҳәм мийнет қуралларының қәсийетин белгилейтуғын поэтикалық туйғылардың бир тамшысы сыпатында болса да, улыўма классикалық әдебиятымыздың тарийхы ушын оғада әҳмийетли.

Биз Күнхожа шығармаларын оқып отырып халқымыздың аўыр өтмишине ашынамыз. Туўған жерге болған сүйиўшилигине қуўанамыз, әдалатсыз ханларды жек көргенлигине гуўа боламыз, нәсиятларын қулақ қойып тыңлаймыз. Күнхожа өтмиштиң гүўасы болып әўладлардың жүрегинен жай ала береди.

* * *

Биз бул топламды таярлаўда шайырдың 1949 жылғы баспадан шыққан китабынан, Күнхожа бойынша қәнигe филология илимлериниң кандидаты Бабаш Исмайлов тәрепинен таярланылған 1960 жылғы китаптан ҳәм тағы усы автордың орта ҳәм үлкен мектеп жасындағы балалар ушын таярлаған 1975-жылы басылған: „Ел менен" китабынан, сондай-ақ Өзбекстан ССР илимлер Академиясының қол жазба фондынан, Республикалық газета журналларында жәрияланған текстлерден пайдаландық. Әлбетте, биз өз алдымызға Күнхожа шығармалары бойынша текстологиялық жумыс ислеўди (бул жүдә керек) мақсет етип қоймасақта, айырым-айырым орынларға редакторлық характерге ҳәм баспаға таярлаўшылар сыпатында азы-кем тәсир етилди. Себеби (Күнхо-



www.ziyouz.com kutubxonasi

жаның шығармалары халқымыз арасынан жазылып алынган) белгили дәрежеде информаторлардың қосықларды қагарма-қагар есинде сақлаў қыйын. Қыйсыны келмей турған яки умытып қалған жерлерин өзлери-ақ „жамап“ жибериўи турған гәп. Сондай-ақ айырым қосықлардағы келиспей турған строфалар алып тасланды. Бул топламға „Қайтып кел“, „Мениң балам“, „Балам өлгенде“, „Серғиздан“, „Малым барда“, „Келин“, „Мениң күним“, „Көзим“, „Кел-кел хожа, өзине кел“, „Ким едиң“, қосықларын олардың текстлеринде түсиниксиз қатарлардың көп болыўынан топламға киргизбесўди мақул тапгық.

Биз бул арқалы Күпхожа бундай атамадағы қосықлар жазбаған демекши емеспиз. Ол жазған болыўы мүмкин, бирақ бизге сап таза ҳалында жетпегенлиги анық. Келеси ўақытлардағы изленийўлер нәтийжесинде бул қосықлардың жаңа нусқаларының табылатуғынлығына жүдә-жүдә исенгимиз келеди.

Сондай-ақ „Өлим“ қосығының яранлар редифи менен тамамланатуғын строфалары „Яранлар“ деген ат пенен, „Суўға“ кетти қосығындағы „Нәйлейин“ редифи менен тамамланатуғын қатарлар „Нәйлейин“деген ат пенен бөлекленип жиберилди. Бул қосықларды бөлеклеўде, оларды бир ат пенен жибериўге ҳеш қандай тийкар болмағанлығы себеп болды. Топламға Тилеўберген Жумамуратов тәрепинен „Жас Ленинши“ газетасында жәрияланған „Қазының нйти“ қосығының жаңа варианты киргизилди.

Жуўмақлап айтқанда, Купхожа бизге ҳәзирше мәлим болып отырған аз ҳәм саз мийрасы менен, қарақалпақ аўыз әдебиятын жазба әдебият пенен байланыстыратуғын қуилы шығармалары менен қәдирли.

Күнхожаның қосықларын баспаға таярлаўда берген баҳалы мәсләҳәтлери ушын таярлаўшылар Б. Исмайловқа үлкен миннетдаршылық билдиреди.

**АЙДАР МУРТАЗАЕВ**
**ЖАЛҒАС ХОШНИЯЗОВ**

*Филология илимлериниң кандидатлары*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖАЙЛАЎЫМ

Ата журты Түркстаннан келгели,
Ага-бабам қоныс басқан жайлаўым,
Анадан туўғалы, есим билгели,
Ойнап қагар өскен қалың жайлаўым.

Күн бойына байыр етип турақлы,
Мен кетермен әрман билен жырақлы,
Қамыс орып алтаў-жетеў орақлы,
Терис төбе, Узын Қайыр жайлаўым.

Өлим хабарынан келмегей саза,
Енди айтайын сөзди аманлық газа,
Ержан атаў менен шығысы Ырза,
Теңизлерден аўқат еткен жайлаўым.

Балық аўлап Тоқтас, Мантық бойынан,
Көл ишинен, сай-саланың ойынан,
Сайлап шаншып жүрип жайын мойнынан,
Ага-бабам аўқат еткен жайлаўым.

Әбдимурат молла Ибрайым менен,
Және қапталымда Измурат герең,
Қытай, Қонырат ҳәм де қалың ел менен,
Ага-бабам аўқат еткен жайлаўым.

Аласат табылса барлық ел көшер,
Көбейип тур арамыздан қан ишер,
Жетим жылап, ылақ маңырап күн кешер,
Әрман билен жүрермен бе жайлаўым.

Жайлаўым Жалайыр, Көпир ҳәм Бөгет,
Суў келер ме деген бизде бар умит,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шақақ урар ақыр бир күн қыз-жигит,
Әрман билен қайғыда өскен жайлауым.

Әуелҳа өскеним көк өзек бойы,
Адамның жетерме шуғылға ойы,
Пуқараның таймағайлар бақ-күйи,
Әрман билен өскен арзыў жайлауым.

Қызлар менен суҳбет етип билгенше,
Дослық, меҳрибанлық егип өлгенше,
„Сен арман тур, мен берман тур" дегенше,
Әрман билен өскен арзыў жайлауым.

Бекман шағыл, Жаңа суўдың бойлары,
Шарқыраўық „Муйтен" бөгет жайлары,
Жайылған байлардың сансыз қойлары,
Көзиме тотыя жүрген жайлауым.

Көл саға, Айырша, Тербенбес теңиз,
Әсиресе, айыршада өскенбиз,
Қаст еткенниң көкейлерин кескенбиз,
Әрман билен айра түскен жайлауым.

## ӨЛИМ

Ата-анам өлди, туўысқан қалды,
Бул пәлек басыма аламат салды,
Ағалар бул өлим ақлымды алды.
Кейиниме түсти залым бул өлим.

Бул өлим азаплап мениң ҳалымды,
Қыйнадылар енди шийрин жанымды,
Ашнады ма мениң ол ырбалымды.
Кейиниме түсти залым бул өлим.

Шуўлап балалар қатты ата-аналап,
Мен жүрермен қай бир жерди паналап,
Бир нешениң ырысқалыны шамалап,
Келдилер басыма аға бул өлим.

## ЯРАНЛАР

Көрген соң тынарма Күнхожа сөзи,
Ыығлар бул азаптан адамның өзи,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Балалардың ана деп бул айтқан сөзи,
Бул сөзиме қулағың сал, яранлар.

Алла бизди еңиретти, жылатты,
Саў денемди теспей сорып қанатты,
Қайсы еллер, қайсы шаҳлар абатты,
Қулақ салың бул сөзиме, яранлар.

Жылап-жылап шырақларым өшпеди,
Бул истиң тәғдирин кимлер шешеди,
Йығлай-йығлай сорлы күни кешеди,
Не қыларман енди буған, яранлар.

Зар жылап огыр ғой үйимниң иши,
Мениң жайым жер төлениң мүйеши,
Еки ул бар аға өзимнен киши,
Не қыламан енди буны ағалар.

Жылайды бийшара анасын айтып,
Дәрт үстине және дәртти молайтып,
Жүрермен дүньяда ағалар айтып,
Бир басқа бир саўда түсти, яранлар.

Бул басым берк екен, жарылған емес,
Залымлардың күни тарылған емес,
Бизлерден душпанлар сарылған емес,
Душпанларға бахыт берди яранлар.

Бул дүнья өгерсең, ақырың паны,
Алдадың қыядан жол салып, мени,
Саў болса адамның ағалар дени,
Бир басқа бир саўда болды, яранлар.

Жетимлер телмирип жерди қазарлар,
Мениң бүлгенимди кимлер жазарлар,
Мөҳмин қулға бермес едим азарлар,
Бир басқа бир саўда болды, яранлар.

Бул дүньяның опасы жоқ бийпаян,
Ол өзине сениң әўелден аян,
Илая душпанлар етпегей зыян,
Болмаса ҳал қыйын болды яранлар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Заман тар, ағалар қулақ салсаңыз,
Мениң берген ақылымды алсаңыз,
Тилегимди дослар қабыл қылсаңыз,
Алла аманатын алғай яранлар.

Бул заман тарылды ўақтым өт енди,
Не қылайын айтып енди бөтенди,
Мен сорлы зар жылап, ҳайран етеди,
Бир басқа бир заман болды, яранлар.

Теңизде аў салсаң, ҳәргиз балық жоқ,
Диземде димарым, белде ҳалым жоқ,
Мен сорлыға, ғәриплерге жарық жоқ,
Қараңғы думанда қалдым, яранлар,

Заман тарылып тур, аспан тутылып,
Таба алмадым жолды бәрҳа умтылып,
Залым себебинен әрманда болып,
Бир басқа бир саўда болды, яранлар.

Бул заман тарылды, кейни болмады,
Залымлардың қызыл гүли солмады,
Кеўилимниң ўақыты-хошы болмады,
Басқа ақырзаман түсти, яранлар.

Мен жылайман зар-зар етип аллаға,
Душпанлар қанықдур, қуран, оллаға,
Тыңла сөзлеримди Жийемурат аға,
Бир басқа аламат болды, яранлар.

Бул заманның гәрти пәлек пе, рәт пе,
Яки иштен кетпес таўсылмас дәрт пе,
Пуқаралар қысыўмет шегиўи шәрт пе,
Бир басқа замана болды, яранлар.

Байға жүрсе жарлы ҳақын алалмай,
Ойнап сойнап жаслар шәлқып жүре алмай,
Бир кеткенлер ел дийдарын көре алмай,
Бир басқа бир заман болды, яранлар.

Жеткерсин аллаға бенде наласын,
Таба алмай жүр излегенлер панасын



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қара жер алған соң ата-анасын,
Бир басқа ғамгүнлик келди, яранлар.

Қудайым әйлейин аслыны бәрбат,
Хор болып тур бул заманда ҳасыл зат,
Соның ушын бир аллаға минажат,
Етемен зар жылап, енди, яранлар.

Яранлар сөз тыңлап қулақ салмаға,
Қаст еткен душпанның ақтын алмаға,
Шын жәннетке досың менен бармаға,
Қолың былға, жолды силте, яранлар.

Тыңлаң мениң пидә арзы-ҳалымды,
Өзиң жеткергейсең ырысқалымды,
Қыйнап залым мениң шыбын жанымды,
Ата-анамды жерлер қушты, яранлар.

Ўа, дарийға, бул дүньяда қызық жоқ,
Ғәриплерде әзизлик бар, бузық жоқ
Бәйгиден өгерге белли сызық жоқ,
Аламат, баламат болды, яранлар.

Соның ушын бул дүньяда йығларман,
Азап билен қана бағрым дағларман,
Қашан ўақтым, бахтым келип шағларман,
Адамның рухы гәда, яранлар.

Әжайып саўдалар түсти басыма,
Қуда реҳим еткей аққан жасыма,
Келсе де не қылсын туўған қасыма,
Бир басқа бир заман болды, яранлар.

Ҳаққа күнде дады-пәряд етермен,
Бақ келмесе, әрман менен кетермен,
Азап пенен сум дүньядан өтермен,
Өтпесиме гүман барма, яранлар.

Бул заман тарылды, тартылды танап,
Өмиримниң азабын болмаспан санап,
Жүрмедим ағалар бир майдан шағлап,
Бул дүнья ақырет болды, яранлар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Душпанға сырыңны қылмағыл аян,
Узақ өмирине етерлер зыян,
Шағып денелерин уўлы ҳәб жылан,
Биразлардың өмири өтти, яранлар.

Мен жылarман бир аллаға зар әйлеп,
Кеше-күндиз жалбарынып сөз сөйлеп,
Бул бизиң заманды ҳарамы бийлеп,
Заман ҳәр түрлерге дөнди, яранлар.

Ядыма сақлайын бәрҳәма ҳақты,
Ашқайлар сыйынсам бийриўбар бақты,
Астынан түскейлер душпанның тақты,
Бир басқа бир сүргин болды, яранлар.

Айра түстим туўып өскен елимнен
Картайдым, дәрманым кетти белимнен,
Йырақ болып турғаным жоқ елимнен,
Бир басқа бир саўда болды, яранлар.

## ОЙДА

Мен кеткели болды жети жыл, жети ай,
Азап-ақырет пенен өмир өтти ай,
Елимди сағындым, дәрманым кетти-ай,
Ҳәртүрли қыял бар, ойласам, ойда.

Илажым жоқ қалдым байға таңылып,
Таснимнен нағылып калдым жаңылып,
Изде қалған ата-анамды сағынып,
Елжиреп кеўилим турмас бир жайда.

Кирпикшешен киби меннен жыйрылып,
Мынаў жүрмен букирейип, ийилип,
Арқам жаўыр болды қаптан сыйрылып,
Сөзимнен болмаса, күшим жоқ бойда.

Еки қыз, бир ул бар өзимнен киши,
Тәнимниң мәдары, кеўлимниң хошы,
Келерме деп ағам, үйимниң иши,
Бул күнлери олар екен не ойда?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Талайым бахытсыз, бақты қараман,
Бул аўҳалға қандай шыдам қыламан.
Аўылға қуры қол қайтып бараман,
Сонша жылғы жүргенимнен не пайда?

Жайнап-жаснап, шад боп дәўран сүре алмай,
Ата-ана, туўысқанды көре алмай,
Аманлықта ҳал аўҳалын биле алмай,
Аҳ урып, жүресең ғаплетте ойда.

Жумысты етсем де жетпеди қолым,
Бахтым ашылып өнбей көп жүрген жолым,
Қалтамда жоқ аббаз шайы бир пулым,
Бул дүньяға шыққанымнан не пайда?

## ҚАШАН КӨРЕРМЕН

Паяны жоқ бул дүньяда,
Қашан анамды көрермен?
Әрман билен бул дүньяда,
Йығлап-йығлап мен жүрермен.

Дүньяның жәбири жаманды,
Душпанның басы аманды,
Байыў—патшаға, зорға заманды,
Сонлықтан йығлап жүрермен.

Көп жыл болды елден кеттим,
Хийўа барып хызмет еттим,
Елди сағындым, зар еттим,
Халқымды қашан көрермен?

Қара пул болмай табысым,
Келип тур мине намысым,
Әбдимурат жақын достым,
Аўылды қашан көрермен?

Ядымнан анам кетпеди,
Бир күн бир айдай өтпеди,
Тапқаным тамағыма жетпеди,
Аўылды қашан көрермен?



www.ziyouz.com kutubxonasi

## БОЛАРМА ЕКЕН?

Бул жүристен ҳаял алып,
Ат жүўенлеп, тоқым салып,
Дийдиленген жерлерге барып
Шадланар күн болар ма екен?

Әжел қурығы жағам тутты,
Жылай-жылай өмир өтти,
Душпанлар азап көрсетти,
Қутылар күн болар ма екен?

Шапаным диземди жаппай,
Бирин тапсам, бирин таппай,
Мурадыма шапқан аттай,
Жетер күнлер боларма екен?

Қатар қурбы, сәрбиназды,
Сағындырған бәҳәр жазды,
Жигитлердиң көрки қызды,
Көрер күнлер боларма екен?

Қәҳәри жаман ғазаптан,
Жәбирлендик көп азаптан,
Мийрими жоқ инсапсыздан,
Қутылар күн боларма екен?

Дүньяда шалықлап жүрип,
Ата-ана көзин көрип,
Азлы-көпли өмир сүрип,
Жүрер күнлер болар ма екен?

Бес жыл аралап қазақты,
Басыма салып ғазапты.
Аман-есен қарақалпақты,
Көрер күнлер болар ма екен?

Қазақ инанар сөзиме,
Яшлар төгилер жүзиме,
Көз түсип келген изиме,
Жүрер күнлер болар ма екен?

Бул сөзимди баян етип,
Аман-есен елге жетип.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ургениш журтына кетип.
Шадланар күн болар ма екен?

## КҮН ҚАЙДА

Ордық орақ, шаптық отын, қаздық жап,
Тердик масақ, ийнимизге салдық қап,
Жас өмирлер гүлдей болып, болдық сап,
Бул жүристен енди бизге күн қайда?

Орақ орып, өмир бойы болдық қул,
Ислесек те ала алмадық қара пул,
Не жананлар байы өлип калды тул,
Енди буган жайнап-жаснар күн қайда?

Күни-түни ордық пишен, салыны,
Гүздиң күни жыйдық пискен тарыны,
Өмиринше бир тоймаған карыны,
Аш, жалаңаш биз сорлыға күн қайда?

Салық салып усы ҳалға ҳәр дайым,
Салығын салыўға биз болдық қайым,
Бир жутым бул ўақта болды уўайым,
Бул жүристен енди бизге күн қайда?

Ийинге тартарлық және жоқ кийим,
Ҳәм де ағайин жоқ, қәўендер бейим,
Көсилип жатарға және жоқ үйим,
Бул жүристен енди бизге күн қайда?

Тапқанымыз жетпей қара теңгеге,
Аўыстырып кийим алып кийерге,
Ҳәм базарлық қатар-қурбы жеңгеге,
Алып барар енди бизге ҳал-қайда?

Не пайда, жигитлер, жалғаншы дүнья,
Алдады бизлерди жол салып қыя,
Қара басқа бул не деген ўақыя,
Бул жүристен енди бизге ел қайда?

Ашығың бар еди, талмадай бойы,
Қатарынан артық ақыл ҳәм ойы,
Болар деп қуўанған жақсылық тойы
Жийемураг, көретугын күн қайда?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жийемурат, сениң менен едим дос,
Жер айдасам, бирге барып салдым қос,
Жоқшылықтан, қалдың мине бугин бос,
Ашығыңа жететуғын күн қайда?

Буяқтағы көрген қорлық-азапты,
Күни-түни етип ауыр талапты,
Шай орнына ишкен айран шалапты,
Қушақласып айтатуғын күн қайда?

Қайғыдан қарайып, қайнаған иши,
Билектен майрылып, жоқ болған күши,
Сайымбетжан елиң бизлерден киши,
Сақтың сынбай журетуғын күн қайда?

Бес жасыңда ағаң менен қой бақтың,
Сен шопаны болдың майда ылақтың,
Жол тап, жан шырағым, сынбасын сақтың,
Жайнап-жаснап туратуғын күн қайда?

Қасымдағы еки бирдей жолдасым,
Қайғылыққа түсти мениң бул басым,
Көзден көл-дәрья боп ақтылар жасым,
Бул дүньяға шыққан менен не пайда?

## ЯРЫМ ХОШ ЕНДИ

Сәрҳауыз бойында отырма, турма,
Гүлдиң шақасына бүлбил қондырма,
Ярым келмейди деп мойныңды бурма,
Кетсем тез келермен, ярым, хош енди.

Кеўлиңди қабартпа ойлап удайы,
Өзиңе аяндур дәртим-ҳал-жайым,
Мен ушын кең бул дүньяның сарайы,
Кетсем тез келермен, ярым, хош енди.

Өзге журтқа кеттим, ерким жоқ баста,
Ғумша гүлим солды, бул басым жаста,
Күни-түни қайғыда, көзлерим жаста,
Көрискеймиз, сүйген, ярым, хош енди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул басыма тусти қайғы-ғам думан,
Аман кутыларым болдылар гуман,
Неғайбил өзиме: қаларым аман,
Қайтып келгенимше, ярым, хош енди.

Мен қайтып келгенше азып ҳәм тозба,
Аспандағы айға қолынды созба,
Тағы баска иске мойныңды бурма,
Кетсем тез келермен, ярым, хош енди.

Ярым аңлап, бул сөзиме кулақ сал,
Душпан бундай қылды, енди не ҳамал?
Өле ғойсам, умытпағыл, ойыңа ал,
Қайтып келгенимше, ярым, хош енди.

## ШОПАНЛАР

Сарылып куни-түн қойдың изинде,
Қан қалмай сарғайып қызыл жүзиңде,
Қанлы жас қапланып еки көзиңде,
Қула дүзде жүрген мынаў шопанлар.

Ийниңде жумыры салынған торға,
Меслерин арқалап қозгалып зорға,
Төслери қайқайып шығалмай қырға,
Асқар қумды аралаған шопанлар.

Шарықтан шырмалып еки аяғы,
Аўыр болып талдан кескен таяғы,
Аўыр сөзге ҳәм сарсылып қулағы,
Қула дүзде қайғыда жүр шопанлар.

Үстинде шапаны бийтлери ағып,
Қанын сорып, арқасына от жағып,
Тикен кирип аягынан қан ағып,
Етиксиз тоғайда жүрген шопанлар.

Киминиң арқасын таяқлар тилген,
Биразының қолы отларға күйген,
Жасы жетпей қыпша бели бүгилген,
Сансыз қой кейнинде жүрген шопанлар.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ата-аналары өлип жасынан,
Таз болып торағы ағып басынан,
Қызыл кум сел болып көздиң жасынан,
Жай табалмай жүрген мынаў шопанлар.

Аш болса кейнине ермей ийтлери,
Тарыққаннан тарғыл болып бетлери,
Кус түткендей тилким-тилким еглери,
Азаптан шыға алмай жүрген шопанлар.

Жетим болып шарға болған бойлары,
Артық ҳәммелерден акыл-ойлары,
Қайысып баққаны байдың қойлары,
Бир ылаққа үш жыл жүрген шопанлар.

Қайнаған ыссыда кумларды басып,
Алаңлап көзлери, ақылдан сасып,
Қойы жайылғанда арқасын қасып,
Күни ушын жүрген ғәрип шопанлар.

Беллери бүгилип, көзлери тынып,
Жаталмай дем алып бир майдан жылып,
Топыраққа былғанып, терлери ағып,
Төсексиз далада жаткан шопанлар.

## ЖИГИРМА БЕСТЕ

Көзди жумып бийик таўдан асарсаң,
Есерленип жанган отты басарсаң,
Урылардай қыздың жолын тосарсаң,
Қазандай қайнаған жигирма бесте.

Шекпенниң шалғайын ийнине салып,
Биреў көрер ме деп бәрҳә тайсалып,
Ашыклыкта бир орынға тасланып,
Есерсоқ боларсаң жиғирма бесте.

Жигерленип шашып қызыл қаныңды,
Шашарсаң жолына дүнья—малынды,
Қыз десең, қыярсаң шыбын жаныңды,
Қыйланбай ис етип жигирма бесте.

Ашыктың жолында ишлери қайнап,
Қарлы суўықларда жанларын қыйнап,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыз келер деп, турар көзлери жайнап,
Телмирип, турарсаң жигирма бесте.

Қала ғойса сол күн түни қыз шықпай,
Көп ойланып ақырына асықпай,
Ертеңине және барар уялмай,
Арсыз ойын-күлки жигирма бесте.

Қызлардың жеңгесин зыяда көрип,
Күни-түни қалмай кейнине ерип,
„Жеңгежан, епле"—деп, тапқаның берип,
Дийўана боларсаң жигирма бесте.

Ар ушын басынды бәйгиге тигип,
Орамал, шаршыға барынды төгип,
Ҳайт болса, қыз ушын арбанды жегип,
Қулпурып жүрерсең жигирма бесте.

Қайта-қайта қағып кийип қурашты,
Бой жасырып мекем ашып қулашты,
Далаң жерде таса қылып ырашты,
Жасырынып жүрерсең жигирма бесге.

Дала жерде еплеп басып аяқты,
Көз салып карарсаң ояқ-буяқты,
Орынсыз неше рет жерсең таяқты,
Қыз ушын берилген жигирма бесге.

## ҚЫЗЫЛ ҚУМ

Мунарланып көринесең алыстан,
Не қыйынлық ислер өттилер бастан,
Басында жүрип мен етейин дәстан,
Қырымның қырындай түриң Қызыл қум.

Басында сексеўил, маялыш, шеңгел,
Жыңғылың тағы бар сениң Қызыл қум.
Шыққан шөплерине мен қойсам кеўил,
Келбетлериң сондай сениң Қызыл қум.

Қара таўдан кейин емес келбетиң,
Думан менен толып турады шетиң,
Үргин үгип, оған бурылса бетиң,
Ағысты бөгейди пәтиң Қызыл қум.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖАЎ ТОРҒАЙ

Жаў шымшык жүдә көп болды,
Жүўеримди жеп болды,
Қарнына барып нуп[1] болды,
Баян етсем, жаў торғайды.

Арбалап төгин төккендей,
Тақыялап тухым сепкендей,
Асымды жеп, бир еккендей,
Не қыламан, жаў торғайды?

Дәнди сеўип, мушым түйе...
Барагыр ишлерим күйе.
Мийнетимс болды ийе,
Не қыламан, жаў торғайды?

Еккен тарым болды ушық,
Ислерим болды қыйыршық,
Хәр жүўерге бир шымшық,
Не қыламан, жаў торғайды?

Жаў торғай ацды[2]—алдырды,
Есимди және талдырды,
Напақадан да айырды,
Не қыламан, жаў торғайды?

Айтайын енди сөзимди,
Солдырар мынаў жүзимди,
Ушырмасам шокыр көзимди,
Мурдар нәлет жаў торғайды.

Ушырсам дуў да дуў болды,
Мағап бир жаман жаў болды,
Алдыма қурған аў болды,
Не қыламан жаў торғайды?

## ЕШКИМ БАР

Еки қулағы салынған,
„Саў“—деп маңырап жалынған,

---

[1]. Нуп—шымшықтың дәриси. (таярлаўшылар)
[2]. Ацды—естен айрылды дегени.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Он бес жыл жүрип алынған,
Рейим аға, бир ешким бар.

Саўрысын көрсең калақтай,
Өкпеси искен талақтай,
Сүти таўдағы булақтай,
Рейим аға, бир ешким бар.

Жалғыз болса да мыңдай маған,
Айтарлық сөз усы саған,
Айтсам жағар сөзим оған,
Жанымнан жақсы ешким бар.

Бир-биреўге етип мирәт,
Көрдим аға жүдә рәҳәт,
Кудайға жүзде рахмет,
Бир енди жалғыз ешким бар.

Кешиўлер болса, кешип кет,
Шешиўлер болса, шешип кет,
Ағажан, келип, сүт ишип кет,
Ағажан, жалғыз ешким бар.

## АЗЫЎЛЫ

Бизиң тары көп болыпты,
Айналасы шөп болыпты,
Шошқа қабан жоқ қылыпты,
Не қыламан азыўлыны?

Жан алғыштай қабақ үйип,
Ҳарам күшин белге жыйып,
Қаўыныымлы кетти түйип,
Не қыламан, азыўлыны?

Мийримсиз бул залым шошқа,
Бәрҳә зыян ўакты хошта,
Байға жақсы, жаман-ашқа,
Не қыламан, азыўлыны.

## ДОҢЫЗ ҚАБАҚ

Қулақ салыңлар айтаман,
Күнде талап қып қайтаман,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мына сөзди молайтаман,
Халыққа мәлим доңыз қабақ.

Анаў күн гәплегте жаттым,
Душпанымды байлап аттым,
Шошка келди қылын тарттым,
Шалқып кетги доңыз қабақ.

Мен жатырман қылын тутқан,
Талап етип қурып жатқан,
Шошқаны қоймай қорқытқан,
Үлкен қурал доңыз қабақ.

Көрмесеңизлер кәрамат,
Душпанларга көп мәламат,
Шыгарғанға көп рахмет,
Үлкен қурал доңыз қабақ.

## ШАЛЫҚЛАП МАҚСЕТЛИ ЖЕРГЕ БАРАЛМАЙ

Шалықлап мақсетли жерге баралмай,
Қатар-қурбы менен дәўран сүре алмай,
Бир тапқаным бир тапқанға қуралмай,
Бес батпаннан аспай сол жыл қырманым.

Шыны достым Бердақ шайыр, Муртаза,
Белгили затымыз аў менен қаза,
Дүньядан әўере өттиң Күихожа,
Бес күн орынланбай мақсет-мурадым.

Күним сеннен кешти Арал теңиз,
Ашлық, жаўгершилик жыл-жылдан егиз.
Сексен бир жыл сеннен аўқат еттик биз,
Арал теңиз, сеннен жоқдур әрманым.

Ҳәрким яллап, берер болсаң бизге қол,
Түрли қызық ҳәм тамаша кетги мол,
Өскен жерим Айырша менен излим жол,
Жеткен жери бир қудадан пәрманым.

Қатар-қурбы басын қосып қыялмай,
Қарным тойып бир күн тамақ жей алмай,
Өмирликке пүтин шапан кийе алмай,
Жоқшылықтан қурып диңке дәрманым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бирин-бири сағынбай ер менен зайып,
Нан табалмай посып жүрген халайық,
Ат шоқай, кара өлең бизге ылайық,
Түрин танымадым наныц, жарманың.

Байлар налысыма қулағын салмай,
Мийнетимди ҳешким есапқа алмай,
Бир айғы талабым жарты нан болмай:
Жигерим қум болды, тыңланбай зарым.

Бирнешелер кетти Шабат, Марыға,
Бизлер калдық шығыр егип жарыға,
Бир айына қырқағары тарыға,
Сол жылы толмады мениң қырманым.

Ғазап етип Хийўа бизди шақырып,
Тоғыз күнде зорға жеттик сабылып,
Ортаға шығарып ҳусниме күлип,
Тарыдай төгилди намыс ҳәм арым.

Кеўил бөлип келбетиме қаралмай,
Мийман болып ҳал-жайымнан соралмай,
Қайта баслап мен алдына баралмай,
Кеўлимде дақ болды мақсетли зарым.

Өмиримше қырын қарадың қуда,
Дүнья қызығынан әйледиң жуда,
Бир жарымай өмирим болып тур ада,
Өмирде бир кирмей диңке дәрманым.

Жүрегимди жарды таршылық заман,
Қатар-қурбы теңлик бермеген таман,
Күнхожа дур атым, урыўым қалқаман,
Нан табылмай өмир бойы жаўрадым.

## ИЗИМБЕТ

Аяғында етиги жоқ,
Үйинде ҳеш жетиги жоқ,
Айтар сөзге кеўили жоқ,
Бизиң ағай Изимбет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Арқасында топаны бар,
Жалғыз жаман шапаны бар,
Ол не нәрсеге интизар,
Алағай ағай Изимбет.

Изимбеттиң изи көп,
Адамға жағар сөзи көп,
Қаўмы-қарындас, көзи көп,
Шалағай ағай Изимбет.

Сөйлесиўге жаның барма?
Үйиңизде наның барма,?
Ҳеш адамға алаң болма,
Ендиги адам Изимбет.

Ҳәркимге жуўап берейик,
Шалықлап ҳәмме жүрейик,
Бәрин сынап көрейик,
Жалғыз аға Изимбет.

## СУЎҒА КЕТТИ

Жорға минген жорғалардан,
Ғарқылдаған ғарғалардан,
Себепкер болып солардан,
Еки ашық суўға кетти.

Алды-артын ойлай алмай,
Суўға батты бойлай алмай.
Оншама көп сөйлей алмай,
Еки ашық суўға кетти.

Бириниң-бири изинен,
Өлдим деген яр сөзинен,
Ғайып болғандай көзинен,
Еки ашық суўға кетти.

Қулақ салың айтқан сөзге,
Көрипи тур айтсам көзге,
Баян етпек керек бизге,
Еки сорлы суўға кетти.

Ярының ғүйинде өлген,
Көрип душпаны тирилген,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Душпанларынан сүриңген
Еки сорлы суўға кетти.

## НӘЙЛЕЙИН

Ашықлардың айтқан зарлы сөзлерин,
Қулақ салың өзим баян әйлейин,
Ояйын залымның еки көзлерин,
Қулақ салың бәрин баян нәйлейин.

Олардың дәрдинен тиследим бармақ,
Залымлар салған соң аямай қармақ,
Бир басыма түсти бул аўыр салмақ,
Ада болмас ислер болды, нәйлейин.

Қудиретиңе еттим илая пәрман,
Сениң ислериңе етермен гуман,
Күн-күннен қапылып баратыр заман,
Ада болмас ислер болды, нәйлейин.

Қосылысып қушақларын ашқанда,
Душпанына уўлы зәҳәр шашқанда,
Залымлардан айра түсип кашқанда,
Ада болмас ислер болды, нәйлейин.

Аға беглер, тыңла қапылған жәҳан,
Ғәрипликте еттим душпанға пинҳан,
Қарным тойып жемей кеткеним әрман,
Бир басқа бир саўда болды, нәйлейин.

Ғәриплердиң қара болған бахтына,
Отлар жақсам залым патша тахтына,
Зулым етер удайына халқына,
Ада болмас ислер болды, нәйлейин.

Мен йығларман яратқанға зар етип,
Бул азапты, бул хорлықты нала етип,
Азап-ақырет өмиринше көрсетип,
Бир басқа бир өлим болды, нәйлейин.

Бул зарымды мениң кимлер биледи.
Қара қапыл етти, көзим көрмеди,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Налыс етип гирян болып өледи,
Бир басқа бир сауда болды, нәйлейин.

Ашықлар яндылар сергил дәртинен,
Айрылдылар әрман менен мәртинен,
Кудайым сақлағай кеўил гиртинен,
Әжеп тәўир заман болды, нәйлейин.

## БАЙ БАЛАСЫ

Астына минип жорганы,
Кийипти өңкей торқаны,
Қасында болыс, порқаны,
Сондай болар бай баласы.

Тарлықты ҳешбир ойламас,
Ылақ шаўып тойдан қалмас,
Айтқанына қулақ салмас,
Менмен болар бай баласы.

Жаман болса да жақсыдай,
Атағы бар айтарлықтай,
Келген сөзлерге тартынбай,
Сөйлер еркин бай баласы.

Қызларды көрсе қызығып,
Сөз салғанша асығып,
Жайраңлайды, жүрмес буғып,
Сондай еркин бай баласы.

Болсадағы мурны пушық,
Мыңқ-мыңқ етип айтар қосық,
Келбетин қарасаң-пасық,
Сонда да зор бай баласы.

Арқасы болса да бүкир,
Ҳалын билип етпес шүкир,
Иши қара толған пикир,
Ардаңлайды бай баласы.

Аўзы жыртық балсадағы,
Еситпесе де қулағы,
Қыйсық болса да аяғы.
Дузиў-сәнли бай баласы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Болсадағы көзи соқыр,
Етсе дағы мурны пыр-пыр,
Мерекеде алдында огыр,
Сондай сулыў бай баласы.

Қол созып ушқан қусларға,
Салқын түсирип жазларға,
Нәзер таслайды қызларға,
Кеўли өсип бай байласы.

Қызлардың иши күйеди,
Басларын жорта ийеди,
Ҳәрким тапқанын түйеди,
Той баслайды бай баласы.

## КӨРЕРСЕҢ

Жасыңнан жетилип дүньяға шығып,
Асық ойнап, ойын топларын жыйып,
Жаз болса биреўдиң ылағын бағып,
Шөллерди ҳәм қызыл қумды көрерсең.

Маңлайыңа питкен малың болмаса,
Астыңа минерге атың болмаса,
Ҳәмде қораң толы қойың болмаса,
Жоқшылықтан не қорлықлар көрерсең.

Паналап жатарға үйиң болмаса,
Үйиңде ишерге асың болмаса,
Керегиң ўақтында тайын турмаса,
Биреў келсе, жерге кирип өлерсең.

Бала-шағаң болса ҳәммелери жас,
Кийерге кийим жоқ, болса жалаңаш
Сатарға малың жоқ ҳәмде болсаң аш,
Оларға тамақты қайдан берерсең.

Жоқ болса саўарлық саўынға малың
Жаздың күнлеринде не болар ҳалың,
Гүзе алып айран сорап ҳаялың,
Кемтарлықтан көп ақырет көрерсең.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## УМЫТПАСПАН

Өмиримде бир ис көрдим,
Буны ҳеш ўақ умытпаспан.
Жаңа едим ҳәм гөнердим,
Оны ҳеш ўақ умытпаспан.

Хийўа ханнан адам келди,
Шуўлатып ҳәм барлық елди,
Қайыстырып мықлы белди,
Буны ҳеш ўақ умытпаспан.

Шыбын жанға ғазап етти,
Сонда бизге дерек жетти,
Хийўа ханы алып кетти,
Бунығы умытпаспан.

Айдады бизди Хийўага,
Қоймай бир майдан саўаға,
Дәрт үстеме болды даўаға,
Буны ҳеш ўақ умытпаспан.

Қайыққа миндик дарғада,
Көп ойландық ол жағада,
Жыласты ини ағада,
Буны ҳеш ўақ умытпаспан.

Дарғадан өттик аржаққа,
Интизар болдық бержаққа,
Жүресең деди сол жаққа,
Онығы умытпаспан.

Бес-алты бақсы қуралды,
Бул истиң жөни соралды.
Кеўил ҳәр иске таралды,
Өмиримше умытпаспан.

Көз жас төгилип далаға,
Қарамай ата-балаға,
Келдик атақлы қалаға,
Буны ҳешбир умытпаспан.

Үш ағаш тур кең майданда,
Орналасып қызыл қанға,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыйылып ҳәм шыбын жан да,
Турғанларын умытпаспан.

Бул дар екен көринген,
Көп адамлар илдирилген,
Табанлары тилдирилген,
Буларды ҳеш умытпаспан.

Адам өлген жайып қушақ,
Көздиң жасы моншақ-моншақ,
Қолларында өткир пышақ,
Жаллатларды умытпаспан.

Кирдик калаға тез журип,
Анталады ийтлер үрип,
Тахт үстинде дәўран сүрип,
Турған ханды умытпаспан.

Ертеңине ханға бардық,
Жай жагдайды ҳәм де айттық,
Етти бизлерге жамаплық,
Буны ҳеш ўақ умытпаспан.

Жыйылыпты гүллән бақсы,
Кими жаман, кими жақсы,
Жасаўыллар болып сақшы,
Сынағанын умытпаспан.

Соңғы күни келди гезек,
Жаз күнлер ҳәм болды гүзек,
Болдым сонда жетим гөжек,
Буларды ҳеш умытпаспан.

Шерттим дуўтар, айттым қосық,
Кеўилимде қайнап йошып,
Табылмады ҳешбир дослық,
Душпанлығын умытпаспан.

Бақсыларға байрақ берди,
Жақсыларды жаман көрди,
Лапгөй деп шаўқым көтерди,
Буны ҳеш ўақ умытпаспан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әкелди алдыма түйе,
Жағылды бетиме күйе,
Өлимтикке болдым ийе,
Буны ҳеш бир умытпаспан.

Хийўа хан келди қасыма,
Салды зәўлимди басыма,
Қарамай аққан жасыма,
Турғанларын умытпаспан.

Қотыр түйе байрақ алдым,
Баскасынан қуры қалдым,
Өмирликке тамға етип,
Умытпасқа ойға салдым.

Мен ойладым сол ўақытта:
„Хан ақылсыз“ —деп тахтта,
Өз исиме болып пухта,
Жүргенимди умытпаспан.

Хийўадан алған сыйым сол,
Аўылға қарап тарттым жол,
Байланды әблеп еки қол,
Бул қорлықты умытпаспан.

Қайтып Хийўаға келмеспен,
Сөз айтты сирә демеспен.
Өз еркимди ҳеш бермеспен,
Қорлықларын умытпаспан.

Қорлығы өтти өзиме,
Жаслар келтирди көзиме,
Қалғанлар қарар сөзиме,
Буны дағы умытпаспан.

## ТҮЙЕ ЕКЕНСЕҢ

Шөк дегенде шөгермисең?
Көп жасаған түйе екенсең.
Тоқтамыстан аррағырақ,
Шыңғыс ханды билермисең?

Сизге айтаман, түйе жора,
Бир көзиң көр, арқаң жара.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ексең гүлиң ғумшаланып солмаса,
Кеўлим шадланады узақ жыл билен.

Опасыз дүньяда ашылған гүллер,
Қәпестеги сайрап турған бүлбиллер,
Дуньядагы бағыў-ҳәрем, шәменлер,
Оның рәўиши, көрки ел билен.

Атқа минип даңқын көкке жетирген,
Қысымлығын күннен-күнге өтирген,
Өзине жақынның исин питирген,
Олардың ҳәм күни кешер ел билен.

Ғәзийне толысы алтын ақшаның,
Ҳәўли-ҳәрем, және бағы-бақшаның,
Халықты сораған ханыў-патшаның,
Шалқығаны ғәрип-кәсер ел билен.

Мәрўертген салынган сарай жайлардын,
Аспандағы жақты жулдыз, айлардың,
Малы көп дүньяда мунсыз байлардың,
Шалқыўына себеп сорлы қул билен.

Адамның көркейип адам болмагы,
Көңилдиң шадланып, шалқып турмағы,
Көзге түсип уллы атақ алмагы,
Есигиңде үйир-үйир мал билен.

Алдында жол баслар ағаң ҳәм болса;
Жаптан туўры ағар суўың ҳәм болса,
Ексең гүлиң ғумшаланып солмаса,
Кеўлим шадланады узақ жол билен.

Опасыз дүньяда ашылған гүллер,
Қәпестеги сайрап турған бүлбиллер,
Дүньядағы бағыў-ҳәрем, шәменлер,
Оның рәўиши, көрки ел билен.

Атқа минип даңқын көкке жетирген,
Қысымлығын күннен-күнге өтирген,
Өзине жақынның исин питирген,
Олардың ҳәр күни кешер ел билен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғәзийне толысы алтын ақшаның,
Ҳәўли-ҳәрем, және бағы-бақшаның,
Халықты сораған ханыў—патшаның
Шалқығаны ғәрип-қәсер ел билен.

Мериўерттен салынған сарай жайлардың,
Аспандағы жақты жулдыз, айлардың,
Малы көп дүньяда муңсыз байлардың,
Шалқыўына себеп сорлы қул билен.

Адамның көркейип адам болмағы,
Көңилдиң шадланып, шалқып турмағы,
Көзге түсип уллы атақ алмағы,
Есигинде үйир-үйир мал билен.

Халықтың қатарда халық болыўы,
Қараңғы түнектиң жарық болыўы,
Көкиректиң шадлықларға толыўы,
Талап етсе, ҳүжим етсе ел билен.

Дүньяға бийқарар келгенин билмес,
Я алые я жақын парқыны билмес,
Жолдың узақлығын жигит билдирмес,
Сапар шексе жақсы ҳадал дос пенен.

Жамандай қылығын ҳәргиз басламас,
Тарыққанда көз жасларын жасламас,
Өмиринше өлмегенше тасламас,
Жолдас болсаң узақ жолға мәрт билен.

Махтымқулы, Мағрип өтги дүньядан,
Әрман менен жоллар салып қыядан,
Өтеалмай бөгетсиз теңиз, дәрьядан,
Өмиринше күни өтти зар билен.

Мен йығларман көрип заманның түрин,
Бәрҳа баян етсем сөздиң келерин,
Душпанларым жайды өзиниң зәрин,
Көзим гиреўленди бәрҳа түп менен.

Мен йығларман, ҳаққа налыш етермен,
Бул дүньяда,—бул қәпесте нетермен,
Әрман билен даўаласып кетермен,
Өлгенимше ырзаласып ел менен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мактымкулы, Мәгриптей[1] алдыңды болжа,
Өлген соң аларсаң тилиңнен олжа,
Қысқарт сөзди сорықайнаған Күнхожа,
Өлгенинше хошласып кет ел менен.

## НЕГЕ КЕРЕК?

1

Сайраған бүлбил болмаса,
Иши ҳаўазға толмаса,
Бәркулла жайнап турмаса,
Ашылған гүл неге керек?

Сарқырап суўы ақпаса,
Еккен егинлер қанбаса,
Ўактында тасып-тынбаса.
Аққан суўлар неге керек?

Узақтан көзге түспесе,
Шамалы қатты еспесе,
Төбеси бултқа тиймесе,
Аскар таўлар неге керек?

Жадырап жазы болмаса,
Шуўақлы көгал қылмаса,
Өз ўақтында жаўмаса,
Қара жамғыр неге керек?

Көрген нәрсени алмаса,
Пәтленип қанат қақпаса,
Жоқ жерден анды таппаса,
Қаршыға қус неге керек?

Қарасын үзип кетпесе,
Артықша қарыў етпесе,
Қашақ қоянға жетпесе,
Қайың тазы неге керек?

---

1. Бул жерде Күнхожа **Мағрупий** деген шайырды еске алған. (таярлаўшылар).



www.ziyouz.com kutubxonasi

Озалда төсин кермесе,
Таплап жемлерип жемесе,
Байрақтан озып келмесе,
Дал бедеўлер неге керек?

Беллерин беккем буўмаса,
Өткен өшлерди қуўмаса,
Анадан артық туўмаса,
Пасық перзент неге керек?

Бойы күн сайын өспесе,
Душпан көкейин кеспесе,
Таймай гүреске түспесе,
Қорқақ палўан неге керек?

Халықтың арын арламаса,
Бары-жоқты барламаса,
Аш ҳәм тоққа қарамаса,
Аўан басшы неге керек?

Халыққа әдил болмаса,
Жылағанды жубатпаса,
Халық татқанды татпаса,
Тахт ийеси неге керек?

Еки жақты тең көрмесе,
Дуўры төрелик бермесе,
Әдиллик пенен шешпесе,
Кәтқудалар неге керек?

3

Ашқа қайыры болмаса,
Майға қарыны толмаса,
Дүньяның жүзин шолмаса,
Аса байлық неге керек?

Дәрьядай толып таспаса,
Күн сайын күши аспаса,
Елди жаўлардан бақпаса,
Қуры батыр неге керек?

Ата-анасын күтпесе,
Айтқанларына көнбесе,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ата-анам ҳәм демесе,
Жаман перзент неге керек?

Күндей күлип жайнамаса,
Бүлбил болып сайрамаса,
Қуўанысып ойнамаса,
Қуў өмирлер неге керек?

## БАСТЫ ХОР ӘЙЛЕР

Бул дүньяға шыққан, ғапыл адамлар,
Мөҳминниң басыны бир күн хор әйлер,
Қайыр-сахаўатсыз зулым адамлар,
Тәнде жанымызды таплап хор әйлер.

Бүлбил киби болажақты сайрасаң,
Ғумшаланып гүллер киби жайнасаң,
Ишинде қумғапиың суўдай қайнасаң,
Онда сениң бар күшиңди зор әйлер.

Бахты ашылса солсаңдағы жан берир,
Ай күн билен нур сәўлели нур гөрир,
Ҳәркимге мүнәсип төрде йол берир,
Оның парқын билген ўақтын хош әйлер.

Ақыл жора, бул сөзимди ғамде тут,
Аспаныў-зәминди алсада гүңгирт,
Жел қуўып думанды, бир күн кетер булт,
Булт кетсе басты дәндана әйлер.

Жақсының жомартлық кирер кеўлине,
Оның қуда берер ығбал-пейлине,
Жақсының халық ерер қалмай кейнине,
Жаманнан бас болса басты хор әйлер.

Сәркардаға ақыл-дана мол керек,
Жүрер соқпақ, туўры гузар жол керек,
Сапасы көп, қуўат-күшли қол керек,
Булардайын болса күши зор әйлер.

Анамнан туўғалы ашылмай көзим,
Аллады бир өзи, мен ҳәм бир өзим,
Аҳ урсам аспанға: жетер бу сөзим,
Уақтым хош болмаса, даг-пәрят әйлер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жийемурат едиң тәнде қуўатым,
Аҳ урғанда белде дәрман-мәлетим,
Сени айтпақ үйренискен әдетим,
Шайыр Хожа ағаң дат-пәряд әйлер.

## ӘРМАНДА

### 1

Қартайдым, жас басты өзимди мениң,
Душпан тыңламады сөзимди мениң,
Айтсам сарғыш басты жүзимди мениң,
Өлер болдым бул дүньядан әрманда.

Күнхожа атағым қалды кейинимде,
Мәнкур-нункур перište бар иргимде,
Нала шегип мен отырман шул күнде,
Кетер болдым бул дүньядан әрманда.

Дүньялар қурысын рәҳәти жоқ,
Душпанлар қурысын маҳанати жоқ,
Бул нишик замандур рәҳәти жоқ,
Меҳнетим көпликтен кеттим әрманда.

Атам өлди, рәҳәтимди көре алмай,
Шалқып шады-қуррам болып жүреалмай,
Өмиринде шадлы дәўран сүре алмай,
Нигарымнан кетип турман әрманда.

Қурысын бул дүнья, рәҳәт көрмедим,
Теңи досы менен ойнап-күлмедим.
Шуғыллардың сөзлерине ермедим,
Бәри бир өмирим өтти әрманда.

Бул дүньяның бизге паяны бар ма,
Басқалар мениңдей бахытқа зарма,
Иштим асқатықсыз жүўери жарма,
Асқатықсыз күнлер жүдә әрманда.

### 2

Еримбет ағамнан жалғыз ул қалды,
Солғын тартып бағ ишинде гүл қалды,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Пәлек урды, пүтин дүнья толғанды,
Оның ҳәм өмири өтти әрманда.

Залымлардың көз жасыны көрмесин,
Буннан арман шалқып дәўран сүрмесин,
Кейингиге бундай азап бермесин,
Азап берсе, тағы кетер әрманда.

Әрманлы адамның реңи жоқ болар,
Әрмансыз куўнақлы ҳәм де шоқ болар,
Базы биреўдиң еки көзи оқ болар,
Оғы тийсе сорлы адамға әрманда.

Бул дүнья барын базар әйлейур,
Бирнешелер бендеге пәрман әйлейур,
Бирнешелер шакақ урып сөйлейур,
Тийкарын билмесе, бенде әрманда.

Өмириң өтсе әрман билен дүньяда,
Сүйегиңиз қалар мәнзил қыяда,
Индегеннен индемеген зыяда,
Болмаса дүньядан өттиң әрманда.

Балаларым йығлады, аллага налып,
Бул яратқан юракиме дәрт салып:
Пуқаралар бул азаптан жол алып,
Кетпесе юрирлер бәрҳә әрманда.

3

Ойласаң, жигитлер, дүнья аз емес,
Мөҳминлерге аян берер саз емес,
Мен жазылып жүрер жерим жаз емес,
Соның ушын өмирим өтти әрманда.

Әрманда өтсем де сөзим қалырлар,
Кейингилер ақылымды алырлар,
Мен сорлыны көрип дуға қыларлар,
Болмаса дүньядан өтгим әрманда.

Мақтымкулы, Мәғриптей алдынды болжа,
Саған өлим дәркар, жокдур ҳеш олжа,
Жийемурат, және атың Күнхожа,
Бул дүньядан өтер болдың әрманда.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# ЖАРЫМАДЫМ

## 1

...Сөзимди тыңлаң халайық,
Усыма бизге ылайық?
Ортага сөзди салайық,
Әрман билен жарымадым.

Бул дүнья өгер-кетер.
Өтпесе бир нәўбет жетер,
Мендей болған әрманда өгер,
Өмир зинҳәр жарымадым.

Сөзимди жәрия әйлесем,
Қуры далада кайгы жесем,
Дин Хорезмди излесем,
Ашна таўып жарымадым.

Күнхожа боп атым кешти,
Дүньяда еңбегим ешти,
Бир жәм етсем акыл-ҳуўышты,
Жалғаншыда жарымадым.

Дүньяның тарттым азабыны,
Душпан тынламас сөзимни,
Думан каплап жер жүзини,
Жақтылыққа жарымадым.

Балаларым отыр жалаңаш,
Күйик пенен ағарды шаш,
Атамнан қалган жүн шанаш,
Шанашқа да жарымадым.

## 2

Үлкен асым тыран шабақ,
Салып жегеним жекен табақ,
Таба алмадым басқа тамақ,
Бир жутымға жарымадым.

Қыппа жалаңаш сүйгеним,
Дүньядан сөйтип күйгеним,
Болмады мениң дегеним,
Бир жутымға жарымадым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жетпей тапқаным жутымға,
Қамысты жақтым отынға,
Түўесилмес бул ҳалыма,
Раўа болып жарымадым.

Болмады жаманда парық,
Аяғымда жаман шарық,
Астымдағы атым арық,
Көликке де жарымадым.

Мен сорлының иши дәртли,
Не қылайын мен қүдиретти?
Биздейлерге бурмас бетти,
Соның ушын жарымадым.

Сөзлерим пәтиўасыз болды,
Сөйтип ишим дәртке толды,
Найсапларда дуўры жолды,
Тутпаған соң жарымадым.

3

Мақтамадым аталықты,
Сөйтип еттим хаталықты,
Ол ҳәм етти жаманлықты,
Сол себептен жарымадым.

Стым мениң халыққа мәлим,
Аорлылықтан жетпес ҳалым,
Бул сөзим дүньяға мәлим,
Ақырет билен жарымадым.

## БЕРМАН ҚАРА

Алды-артына қарамаған,
Жөн-жосақты сорамаған,
Сөздиң басын қурамаған,
Исиң бунда, берман қара.

Алдына қарап умтылған,
Бир нәрсе көрсе жутынған,
Оң қолын түрип суғынған,
Жәллат киби, берман қара.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Басына урса билмеген,
Айтқанды еске илмеген,
Бир күн дәм ойнап-күлмеген,
Қайғы басқан, берман қара..

Иркилип көзин ашпаған,
Ақылын артық шашпаган,
Қанатын қағып ушпаған,
Ақылсыз сен, берман қара.

## НЕ БОЛДЫМ

Шықтым дүньяға не көрдим,
Жасап дүньяда не болдым?
Қайғы-қапада жер болдым,
Қысым болды шыбын жанға.

Жасым жетти, исим питти,
Аз дәўран басымнан өтти,
Ғаррылық қамалы жетти,
Енди бул ўақта не болдым?

Тоным диземе жетпеди,
Жыламай күним өтпеди,
Ойлаған ойым питпеди,
Мине қартайдым не болдым?

Көзим тынды гиреўленип,
Ғаррылық нышаны енип,,
Қабырғамды қайғы сөгип,
Қайғы қаплады, не болдым?

Анадан жетим қалыппан,
Қаңғырған жетим болыппан,
Азғырды мени көп душпан,
Хорлықта ҳәзир, не болдым?

Сақал шашларым ағарды,
Ақша жүзлерим сарғайды,
Қол аяғым—салдырайды,
Ойланып ҳәзир, не болдым?

Қуўатым кетип белимнен,
Хабар келип тур өлимнен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жақын болып қайғы билен,
Қартайып ҳәзир не болдым?

Бағсыз жерлерде сайрадым,
Ҳәр нәрселерди ойладым,
Қайғыда тисти қайрадым.
Ақыры, халқым, не болдым?

Жасым жетпей питти исим,
Нәрсе қалмай түсти тисим,,
Жоқшылықтан кетти есим,
Шығып дүньяға, не болдым?

## КӨЗИМ

Йырақ жерди көрмей болдым әрманда,
Яшымпан гиреўки болдылар көзим,
Аға беглер, қайғы-ҳәсирет заманда,
Қалай күн көремен, досларым, өзим.

Ўай ағалар, бул не заман ғаплет дур,
Адамзатқа жаман қайғы—кулпетдур,
Бир нешеге ислер бәрҳә мәдетдур,
Меҳнат шул, ағалар, көрмейди көзим.

Көз көрмесе, исим оңалмас мениң,
Ығбалым жанарма, ағалар, мениң?
Айтқаным болмады оңалар мениң,
Қараңғы ғәплетте көрмейди көзим.

Көз көрмес, мени ғәплетлер басты,
Өткердим азаптан жетпис бес жасты.
Енди тек узамай өлиў мийрасты,
Аға беглер жарық көрмейди көзим.

Пәлектиң гәрдиши урды өзимни,
Өзим соқыр ким тыңлайды сөзимди,
Ақыр мениң солдырмағыл жүзимни,
Заман зардабында көрмейди көзим.

Көрмей көзим мениң ҳайран етип тур,
Ақлы-ҳуўшым йығлаў менен кетип тур,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бирнешелер басларыма жетип тур,
Соның зардабынан көрмейди көзим.

Мен өзим, ағалар, инилер тағы,
Адамның басынан кетпегей бағы,
Көзим соқырлықтан алалмай ҳақы,
Әрманда кетермен дүньядан өзим.

Бул дүнья өзимнин ҳайран етеме?
Бул ақырет түплериме жетер ме?
Мендей болып бирнешелер өтерме?
Ашылып жақты боп көреме көзим.

Әй, ағалар, қаранғыда туншықтым,
Мен анадан туўып саҳатсиз шықтым,
Теңизде толқынсақ болыўбан ықтым,
Көрмеди жақтыны ағалар көзим.

## КЕЛ–КЕЛ, ХОЖА, ӨЗИҢЕ КЕЛ...

Кел—кел, Хожа, өзиңе кел,
Нәмәртписең, бийдәртписең,
Нәмәрт болсаң жылап өткил,
Сен де елмисең, журтпысаң,
Тулкимисең, шағалмысаң,
Я гүртмисең?
Шу гуртлигиң гүман керек,
Ағайын болсын, көп болсын,
Ағзы бирликли шоқ болсын...
Бир ғош йигит туўса керек,
Өмир жасы узақ болсын,
Ханға, бекке сөз айтпаға
Шоқ кәтере жүзи болсын,
Шундақ ердиң арқасында
Бес—он аламан керек,
Заманың жоқ, заман керек,
Журтқа бир әдил хан керек,
Сол дегеним болмаған соң,
Болдым десең ялған керек,
Ханнан ханның артықлыққа
Ханлыққа төрт нышан керек,
Яман да жоқ болмасын, беглер
Якшыға ҳәм яман керек...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## КИМ БИЛЕР

Мениң ишим болды түтип,
Түтин екенин ким билер?
Бузылса да хана пүтин,
Пүтин емесин ким билер?

Бул гәпимнен жоқ хабарың,
Ишкенлерим болды ириң.
Жеғенлерим болды желим,
Оны сорасып ким билер?

Хожа шайыр қожбаңлайды,
Бираз адам аңламайды,
Айтқан сөзди тыңламайды,
Тыңламағанын ким билер?

Аспап билен жерди-көкти,
Мен сорлың зары гүнрентти,
Мени заман ҳайран етти,
Ҳайранлығымды ким билер?

Бу заманда зулым асып,
Басына баламат шашып,
Бир-бирине уласып,
Үн шыққанды ким билер?

Мениң дәртим ишке толды,
Толғанынан гүлим солды,
Бир аламат заман болды,
Бул хорлықларды ким билер?

Мен өзим йығлайман ҳаққа,
Не болдылар ығбал—баққа,
Маскара болып бираз халыққа,
Азап-хорлықты ким билер?

Барар жерим болды алыс,
Ҳаққа еттим мен бир налыс,
Болсам да сорлы жолбарыс,
Арыслан екенимди ким билер?

Шайыр Хожа, баслар сөзин,
Тәрийп еттирип өзин,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қайғылар сарғайтты жүзин,
Сарғайтқанын ким билер?

Мақтымқулыдай алдың болжа,
Ала алмадың сен бир олжа,
Әўере болған Күнхожа,
Бул заманыңды ким билер?

## КӨРИНБЕС

Жерди, көкти қайғы-ҳәсирет қаплады,
Бул думаннан мениң елим көринбес,
Өмир кештим кеўилиңе жақпады,
Мениң зарым басқаларга көринбес.

Бул азаптан йығлап нала етемен,
Ойлаған дийдиме қалай жетемен,
Усылайынша әрман менен өтемен,
Пәрияд етсем пәриядларым көринбес.

Адасып думаннан кетермен болдым,
Ялғаншы дүньяда өтермен болдым,
Зүриятларым менен жетермен болдым,
Шағлайтуғын заман бизге көринбес.

Сақалым ағарды, түспеди олжа,
Мақтымқулы, Мәғриптей алдыңды болжа,
Жас жетип әўере болған Күнхожа,
Көзиң жумылғанша, елиң көринбес.

## КЕРЕК МАҒАН

Ашылған ғүл ғумшаланған,
Ишинде бүлбил сайраған,
Күнлердиң нуры жайнаған,
Жақты дүнья керек маған.

Мунарланған асқар-асқар,
Қарасаң көзиңди тартар:
Бәўыры пүтин бир қуба нар,
Саўыў ушын керек маған.

Дүр-дүр силкинип ойнаған,
Хәр нәрселерди ойлаған,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Күн сайын өсип жайнаған,
Жаңа өспирим керек маған.

Қатарласқан көп қалың ел,
Жағалатып ҳәм шапқан шел,
Мойыны қулаш бир қыпша бел,
Сүйиў ушын керек маған,

Кекил—жаллы, қайшы қулақ,
Саўырысы—искен талақ,
Шаршамастай полат туяқ,
Дал бедеўлер керек маған.

Тумағасы зерли ғүмис,
Бағ ишинде түрли жемис,
Ҳеш жеринде болмай кемис,
Жүрген қуслар керек маған.

Шыққан шарықлап аспанға,
Урған тайынбай душпанға,
Ишин толтырып пушпанға,
Мәрт жигитлер керек маған.

Душпанға жайын айтпаған,
Яр досларын муңайтпаған,
Қорқып ҳеш жерде қайтпаған,
Ғайратлылар керек маған.

Майрылмай ҳешбир туяқтан,
Тери төгилип қулақтан,
Озып келген ҳәр байрақтан,
Дал бедеўлер керек маған.

Өтирик сөзлер айтпаған,
Өзин-өзи уялтпаған,
Дос баласын жылатпаған,
Әдил ерлер керек маған.

Саясын салған пақырға,
Суўлар жеткерген тақырға,
Ақсақ-майып ҳәм соқырға,
Қайыр еткен керек маған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Беллерин бәккем байлаған,
Ат шаўып жаўдан қайтпаған,
Халықтың ғамын ойлған,
Ҳасыл батыр керек маған.

## ЗАМАН

Қарап турсаң бул заманға,
Сондай жайсыз шыбын жанға,
Жылға-сайлар толды қанға,
Әлеўмет бул қандай заман?

Жылаған көп, өксиген көп,
Ҳәм ашлықтан ийт етин жеп,
Бир жутымға етеди еп,
Қайғы қамал болды заман.

Жетим қатын[1], жетим уллар,
Тентиреп ботадай бозлар,
Шабаққа сатылды қызлар,
Ҳәсирет-қайғы болды заман.

Халық посып мәканынан,
Ҳәм айрылып үй-жайынан,
Табалмады бир тислем нан,
Қайғы қырғын болды заман.

Малы барға ҳеш гәп емес,
Малсыз оларға тең емес,
Бул күнимиз күн емес,
Қара түнек болды заман.

Ата баладан айрылып,
Қанат-қуйрықтан майрылып,
Тамақ табалмай сарылып,
Жүрген қайғы болды заман.

Бала—шағалар жалаңаш,
Пулсыз, тағы қарыны аш,
Көзинен ағып қанлы яш,
Қыяметлик болды, заман.

---

[1] Жетим қатын—тул, байсыз қатын дегени (таярлаўшылар).



www.ziyouz.com kutubxonasi

Егинлерди суўық урды,
Ерте бастан суў қурыды,
Кимлер асып кетти қырды,
Қыян кести болды, заман.

Көз көр болды жылай-жылай,
Суў ақпады, жаплар ылай,
Ем-дәри болды басалай,
Аш-әптада болды, заман.

Аштан өлгенлер көп болды,
Өликке жылға топ болды...
Ашлыққа аўырыў жуп болды,
Қыян-кести болды, заман.

## МЕНИҢ БАЛАМ

Инғалайды, шырқырайды,
Жубанбайды жыласа,
Анасынан сүт шықпайды,
Қанша ықлас қылса да.

Анасы аш, балам жатыр,
Жубанбастан шырқырап.
Анасы да қайғыда отыр,
Қапталында зар жылап

Балам мениң шарға болды,
Анасынан сүт шықпай,
Ашлық болып гүлдей солды,
Адым атып жүре алмай.

Мениң балам бала еди,
Душпанынан өш алғандай,
Мениң балам сондай еди,
Жаўға ўайран салғандай.

Менин балам,
Кейниме ере алмай,
Мен де оны
Аяйман да жылайман,
Жүрмен өзим жақтылықты көре алмай.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мениң балам
Кем емес еди басқадан,
Қоймады аллам,
Алып оны жасынан.

Мениң балам,
Өлди еки жасында,
Көне алмадым оған шыдап,
Көп жыладым қасында.

Мениң балам,
Жақсы еди ақыллы,
Көп жасамай өлип кетти,
Болмай менде турақлы.

Өлди балам,
Маған енди келмейди,
Жыласам да,
Қудай маған бермейди.

Мениң балам—
Өлмегенде палўан боп,
Бел бўўынып—
Түсер еди гүреске.

Мениң балам—
Өлип кетти,
Дегигине жете алмай,
Өмир жасын қысқа етти,
Адым атып жүре алмай.

Мениң балам саў болғанда—
Жүрер еди сайраплап,
Өлим оғы тиймегенде—
Гүресер еди бел байлап.

Мениң балам—
Гүлдей солды жасынан,
Ис ақыры сондай болды,
Өтти бул да басымнан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖЕТИМНИҢ ҲАҚЫН ЖЕП ҚОЙМА

Мөҳмин бенде, жетим ҳақтың қулыдур,
Жетим ҳақын, наинсаплар, жеп қойма,
Туўрышылық ҳақ бэзирген жолыдур,
Жетимлердиң ҳақыларын жеп қойма.

Жеме ҳақын адамлардың ҳеш қашан,
Өтерсең дүньядан жесең бий пышан,
Ғәрип-қәсер, мөҳмин пуқара инсан,
Жетимлердиң ҳақыларын жеп қойма.

Жетим деген ғәрип болар билсеңиз,
Ақша жүз сарғаяр оған күлсеңиз,
Бул гәпимди мениң жалған десеңиз,
Бир басқа бир өлим жақын, жеп қойма.

Бул заман тарылды, мәканы болмас,
Залымлар ғәриптиң ақлыны алмас,
Бағдың гүллери солар я солмас,
Солады деп жетим ҳақын жеп қойма.

Мақтымқулы мәғриптей алдыңды болжа,
Қысқарт сөзди енди саған жоқ, олжа,
Бул заманда әўере болма Күнхожа,
Сенде сөйтип жетим ҳақын жеп қойма.

## СӨК САНАР[1]

Бармағыңды бүгесең,
Адамды жөнсиз сөгесең,
Бермести жаман көресең,
Қара берман, сөк санарым.

Сөкти санайсаң биреўлеп,
Көзиңниң алды гиреўлеп,
Қудай мал берди сүриўлеп,
Усы пығлың, сөк санарым.

Сонша малың бар қорада,
Түйең жайылар саҳрада,

---

[1] Сөк санар—сықмар, шығымсыз майда дегени. (таярлаўшылар)



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көп дәниң жатыр урада.
Пығлың кеткен, сөк санарым.

Қарыз сорап келдим саған,
Не исиң бар дедиң маған,
Антлар иштин сөйлеп жалған,
Пығлыңнан тап, сөк санарым.

Хатыныңның аты Анар,
Ол бийшара көпти аяр,
Ҳарамы ҳаслың, сөк санар,
Буйырмас бул жыйған малың.

Анаў қойың өрис-өрис,
Сыйырың жүр гирес-гирес.
Түйе деген ол бир ырыс,
Ҳәммеси буйырмас саған.

Анаў атларың үйирде.
Қос өгизлериң егинде,
Жылайсаң ылақ өлгенде,
Пығлың жаман, сөк санарым.

Әзирейли жаныңды алар,
Алқымыңды кеспей сояр,
Жыйғаның артында қалар,
Бул пығлыңнан, сөк санарым.

## БАРА АЛМАС

Түссе жумыс наданларға,
Дәрман кеткенше бара алмас,
Неге барады оларға?
Сорағанын ҳеш ала алмас.

Шайыр халықтың сөзин айтар,
Надан болса иси қайтар,
Жақсы болсалар молайтар,
Жаманға адам бара алмас.

Шайыр айтар шағлағанын,
Шағламаса дағлағанын,
Аямаса дос-яранын,
Душпанға сырын айта алмас.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шайырлар тәрийп етип жүр,
Ақыл-ҳуўшым кетип жүр,
Бул дүнья ҳайран етип жүр,
Тилегим мениң бола алмас.

Болса ойлаған тилегим,
Жарылар еди жүрегим,
Айтсам бузылар кеўилим,
Ойлағаным бола алмас.

Мақтымкулыдай алдың болжа,
Ала алмай дүньядан олжа,
Соры қайнаган Күнхожа,
Айтқанларың бола алмас.

## КИМ ЕДИҢ?

Кийим таппай Турымбайдың тойында,
Уллы кызық той-тамаша ойында,
Жуман аўылының қаптал бойында,
Бара алмаған тойға өзиң ким едиң?

Сен ойлаған ҳақның берген ғаниймин,
Билмедиң бендеге еткен раҳимиң,
Қүдирет билен бинә аспаныў-зәмин,
Ойлан шайыр, сениң өзиң ким едиң?

Шайыр Хожа болсып ҳақтың исине,
Ярма сындырарлар саўмес тисини,
Дос тутпаңлар негизи бузық кисини,
Ойлан Күнхожа сен өзиң ким едиң?

Мен баян әйледим таба алмай олжа,
Мақтымкулы, мәғриптей алдыңды болжа,
Қысқарт сөзди көп сөйлеме, Күнхожа,
Бурын ойлан сениң өзиң ким едиң?

Адам тура алмастай сениң дәстиңде,
Кийериңе кийимиң жоқ үстиңде,
Барма сениң өткен күниң есиңде,
Сорлы Жийемурат, өзиң ким едиң?

Сәлем берсе биреў, сәлем алмастай,
Пириңниң сөзиңе қулақ салмастай,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Душпаның сырыңды әшкара қылмастай,
Ладан шайыр сениң өзиң ким едиң?

Қыз-келиншек саған мирәт еткенде,
Айра түсип елатыңнан кеткенде.
Қыпшақлардың елатына жеткенде,
Мурныңды гиржийтип, өзиң ким едиң?

Биреў сөзин аңлап, сынләр тағасаң,
Көргенлердиң аўызларын бағасаң,
Жоқлықтан адамға қалай жағасаң,
Ойлан шайыр сениң өзиң ким едиң?

Шайырлар шарқ урар көрип заманды,
Айтар өлгениише жақсы, жаманды,
Жақласаңыз ақыл сәрдар маманды,
Ойлан шайыр, сениң өзиң ким едиң?

Алланың атына зикир етиплер,
Қашса душпан кейинине жетиңлер,
Ойланып дәрбенттен аман өтиңлер.
Ойлан шайыр, сениң өзиң ким едиң?

## ҚОБЫЗ

Жыраў сени қолға алып,
Түрли-түрли жолға салып,
Ҳәр намаңды ойлап алып,
Бул қосықты айттым, қобыз.

Қулағың сениң шыйрылған,
Шанақта териң жыйрылған,
Таккан тар қылың айрылған,
Ғаңқылдайды бәрҳа қобыз.

Адамға мегзес ийегиң,
Халықты жубатыў тилегиң,
Жаман қабақтан тийегиң,
Ғаңқылдайды бәрҳа қобыз.

Қызлар қарайды соныңа,
Ҳәрким ҳәўес даўысыңа.
Ҳәмме жан келер қасыңа,
Жыр тогесең бәрҳа қобыз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӨЛГЕН БАЛЫҚ

Қалашынан порсыған,
Көл жийегинде сасыған,
Өкпесин дәртлер осыған,
Мына жатқан өлген балық.

Ауға түсипти бийшара,
Жанына таба алмай ара,
Өкпесин осыпты жара,
Әрман менен өлген балық.

Өтип бастан жаслық шағы,
Бул басынан тайып бағы,
Қуурап қапты қабыршағы,
Порсып атыр өлген балық.

Мийи кетип шекесинен,
Жатқан екен жүресинен,
Шанышқы тийип желкесинен,
Өлген екен усы балық.

## АРБА

Өгиздиң мойнын талдырған,
Ырғатылып жолды жырған,
Атақлы уста балға урған,
Көмешлериң сынық арба.

Бергенегин беркин беген,
Дигершегиң диркилдеген,
Өгиз жексе зорға жүрген,
Арысың да жаман арба.

Өгиз қоспай айланбайсаң,
Ойланып ҳәм уялмайсаң,
Май жақпаса уай—уайлайсаң,
Қылығың да жаман арба.

Тарбыйып жерди аласаң,
Өзиң билип қозғалмайсаң,
Сынсаң жолларда қаласаң,
Ҳаслың ағаш, сениң арба.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚАРА ТАС

Жаныса пышақ өтеди,
Қыры қырына жетеди,
Алмас болып ҳәм кетеди,
Қайырың усы, қара тас.

Мунарланып таўда турсаң,
Төменге қарап қуласаң,
Адамның басын жуласаң,
Қайырыңда аз, қара тас.

Намакештиң салған әни,
Усылардан шығар мәни,
Бийик таўдың сендур сәни,
Қабағын үйген, қара тас.

Күш керек сени жықпаға.
Бийик таўдан қулатпаға,
Қараз—дийирман соқпаға,
Қайым, дәрпенсен қара тас.

## УШҚАН ҚУС

Ҳаўада талпынып қанатын қаққан,
Ишине әлемниң отларын жаққан,
Булт пенен бир жүрип, төменге сарыққан,
Қанатлы қалбығай ҳәмде ушқан қус.

Шаңқылдап узақтан даўысы шыққан,
Талпынып қанатын қағады шаққан,
Мойнына ҳасылдан ҳәйкелин таққан,
Қанатлы қыранлар ҳәмде ушқан қус.

Талпынып кәлпениң қолында турмай,
Отырар туғырда мойынын бурмай,
Шығар қоян қуўып кейиннен зуўлай,
Қанатлы қаршыға ҳәмде ушқан қус.

Тумсығы иймейген, төслери тарғыл,
Туйғынлар туяна турысы ақыл.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көргенин алады, дегени мақул,
Алыстан айрылып келур, ушқан қус.

## АҚ ҚАМЫС

Жапырағың сарғышланып,
Көринеди көзиме,
Қайғы менен көп қыйланып,
Уқсағаман өзиме.

Көп шөллепсен суў ишинде,
Бағып-шүмип турсаң да,
Қалтырайсаң жел песинде,
Соншa тaмыр урсаң да.

Тамырыңның пайдасы аз,
Беркиспеген ылайға.
Тоқсан түсип болмады жаз,
Биз не қылдық қудайға?

Ескен самал сени қозғап,
Қайыстырды белинди.
Ушырады ер жетпесген,
Ғумшаланған гүлинди.

Түрпәтыңа қарап турсам,
Сарғаймаған жериң жоқ,
Ислеринди ойға алсам:
Жақтыға шығар күниң жоқ.

Қара берман, қамыс, сен де,
Қуўрама суў ишинде,
Сендей болып турман мен де,
Көк тайғақтың үстинде.

## САЗАН АЎ

Табанымды тас қопарып,
Түсерме деп сазанлар,
Салдым сени көлге апарып,
Қайнарма деп қазанлар.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қарап көрсем бугин барып,
Сазан туўе шабақ та жок.
Қара суўды келдим жарып,
Емес мениң қарыным тоқ.

Сени салып қара суўға,
Ҳешбир пайда таппадым,
Оқты атып ушкан куска,
Оны да ҳеш жарытпадым.

Әрманым көп кеўлимде,
Сазан балық түспеди,
Қайыстырды кайғы мениң,
Ҳешбир исим өнбеди.

Бизиң талап келиспеди,
Қанша ғайрат салсамда,
Илгерилеп ис өнбеди,
Иске тақа турсамда.

Не болғаны талабыма,
Қыр шығады удайы,
Жалғыз балық болмаса да,
Ығбалыма шыдайын.

Қайығым жок, жекен салда
Таянаман таяўды,
Баска нәрсе жок ғой қолда,
Салмасам да таяўды.

## ҚАЗЫНЫҢ ИЙТИ[1]

Қазым, ҳак сакласын көз бенен тилден,
Тәәжиш шул ийттиң алты аягы бар.*
Аныц ҳасылы—аташ[2] бизбәшергилден,
Нешше кулагы бар, шаш[1] дойнагы бар.

Ушкан кусты йерден дерпенлирмийән,
Мың тумәндән неше шахта бермийән,

---

[1]. Бир казы көпегимди сынатлап бер дегенде Кунхожаның айтканы.

[2]. Аташ—от.

[3]. Шаш—алты деген мәнисте.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Неше ауға шанса, бирин көрмийән,
Ҳәр тоғайда тоқсан таушан ҳақы бар.

Бир зәрбап йулы бар, йездеи йалақы,
Лажыуар[1] қанаты, баддур[2] аяғы,
Әруанаға мегзер екки додақы,
Әбиришимдән гәрданында нақы бар.

Мисли адам киби көзден йашы бар,
Күнде-күнде қантыу—латтан ашы бар,
Көктен ушқан қуска дәрталашы бар,
Мисли әнуар гәрданында ҳоқы[3] бар.

Ҳаслын сорсаң Ийран, Туураныың саги[4],
Румда, Қайсарда жоқ бунын ҳеш теңи.
Сенде коймас жurттың инакыу—беги,
Сәдеп дәнданы бар, қуп додағы бар.

Қазым, бул ийтиңли ийтдек көрмеңиз,
Баҳасына жүзди бер, елли бермеңиз,
Күнхожа айтар, кашар, ғапыл жүрмеңиз,
Бунан артық қандай ийттиң шаҳы бар.

## АЛЛИЯР ТАҚСЫР ХАНЫМЫЗ

Аллияр тақсыр ханымыз,
Алдыңа келди қарашың,
Арызды қабыл алыңыз.
Бизиң елде Нурбай бар.

Нурбайдың жүрген жеринде,
Жылауменен ойбай бар,
Төлеген деген жорга бар,
Шоңмурын деген молла бар.

---

[1]. Лажыуар—пәтли.
[2]. Баддур—жел, самал.
[3]. Ҳоқы—түғи, жүни.
[4]. Сағ—Ийт.
[5]. Қосық толық түринде табылмады. Экспедицияның мағлыуматларына қарағанда бул қосықты Күнхожа қазақ жарлыларының арзасын айтып ханға барғанда шығарған. (Бабаш Исмайловтың ескертиуи).
[2]. Қосық толық түринде табылмады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Атына жем салыўға,
Алтыннан қылғап дорба бар,
Кели түби деп алады,
Кеўсеним деп алады. .

## САҚЫЎ БИЛЕН ҚАБАСАН[2]

Сақыў билен қабасан,
Гүлли ашамайлыға ағасаң,
Бул сөзимниң мәнисине
Биреўиң ат мингизип,
Биреўиң топ жабасаң.
Ханның қызын қалемей,
Бийдиң қызын менсинбей,

Қазы тоғыз бәдирек,
Сен қудайдан табасаң,
Бабаң сениң Жәдикти,
Түби оның қәдикти...

## СЕН ХОЖАМСАН, МЕН ҚУЛЫҢМАН

Сен хожамсаң, мен қулыңман,
Қул дегенше өзи жоқ,
Алларабил нашарың бар,
Илараға көзи жоқ.

Сол нашарға көз бермесең,
Дүньянын маған ҳәзи жоқ,
Қайтқыл десең, қайтып жола миндим,
Ҳәзиреги Хожақмет Яссаўи...

## ШАШЫЎ-САҚАЛЫҢ САП САРЫ[2]

Шашыў-сақалың сап-сары.
Көзлериң периўзадек, жүзик көзиндек,
ҳәм аяғың қып-қызыл,
Қумбызға пишкен гүзедек...

---

[1]. Қосық толық табылмаған. Бул қосықта Күнхожа ханның он еки мүшесин „мақтап" шығарған деген мағлыўматлар бар (Бабаш Исмайловтың ескертиўи).



www.ziyouz.com kutubxonasi

# МАЗМУНЫ

Өтмиштин гүўасы . . . . . 3
Жайлаўым . . . . . 9
Өлим . . . . . 10
Яранлар . . . . . 10
Ойла . . . . . 14
Қашан көрермен? . . . . . 15
Боларма екен? . . . . . 16
Күн кайда . . . . . 17
Ярым хош енди . . . . . 18
Шопанлар . . . . . 19
Жиғирма бесте . . . . . 20
Қызыл кум . . . . . 21
Жаў торғай . . . . . 22
Ешким бар . . . . . 22
Азыўлы . . . . . 23
Доңыз кабак . . . . . 23
Шалғыклап максетли жерге оаралмай . . . . . 24
Изимбег . . . . . 25
Суўға кетти . . . . . 26
Нэйлейин . . . . . 27
Бай баласы . . . . . 28
Көрерсең . . . . . 29
Умытпаспан . . . . . 30
Түйе екенсең . . . . . 32
Оракшылар . . . . . 35
Нл менен . . . . . 36
Б еге керек? . . . . . 39
асты хор әйлер . . . . . 41
Әґманда . . . . . 42
Жарымадым . . . . . 44
Берман кара . . . . . 45
Не болдым? . . . . . 46
Көзим . . . . . 47
Кел-кел хожа өзиңе кел . . . . . 48
Ким билер? . . . . . 49
Көринбес . . . . . 50
Керек маған . . . . . 50
Заман . . . . . 52
Мениң балам . . . . . 52

5—154

Жетимниң ҳақын жеп қойма . . . . . . . . . . . . . . . 55
Сөк санар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 55
Бара алмас . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 56
Ким едиң . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 57
Қобыз . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 58
Өлген балық . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 59
Арба . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 60
Қара тас . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 60
Ушқан қус . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 61
Ақ қамыс . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 61
Сазан аў . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 61
Қазының ийти . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 62
Усы жерде қызбағаным . . . . . . . . . . . . . . . 63
Аллияр тақсыр хан . . . . . . . . . . . . . . . . 64
Сақыу билен қабасан . . . . . . . . . . . . . . . . 64
Сен хожамсаң, мен қулыңман . . . . . . . . . . . . 65
Шашыў-сақалың сап-сары . . . . . . . . . . . . . . 66

www.ziyouz.com kutubxonasi

*ьство „Каракалпакстан"*
*Нукус—1984 г.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

ИБ № 1029

Редактор Т. Нажимов
Художник К. Рейипназаров
Худ. редактор И. Кыдыров.
Тех. редактор З. Алламуратов.
Корректор Д. Даўлетбаспа

---

Териўге берилген ўакты 3/V 1984 ж. Басыўға рухсат етилген ўақты 27 VI 84 Қағаз форматы 84X108 $^2/_{32}$ келеми 2.125 баспа габақ 3,5 шәртли баспа табақ 4,0 есап баспа табақ
Қағаз № шрифт Кегель, 10 Заказ 154
Тиражы 3000 Баҳасы 50 т.

Каракалпакстан" баспасы 742000 Нөкис қаласы.
К. Маркс көшеси 6

---

ҚКАССР баспа, полиграфия ҳәм китап саўдасы ислери бойынша мәмлекетлик комитетинин „Правданың" 50 жыллыгы атындағы Нөкис полиграфкомбинаты 742000. Нөкис қаласы
К. Маркс көшеси, 9

www.ziyouz.com kutubxonasi